



BILTEN ENFÒMASYON TRIMESTRYÈL FRH / No 6: PRENTAN 2013



Nap swete nou byenvini nan sizyèm nimewo bilten trimestryèl FRH la. Objektif nou se kenbe nou okouran sou kijan FRH ap poteboure nan pwosesis rebati Ayiti. Bilten sa a parèt twa fwa nan lane an e li konplete rapò anyèl FRH la ki parèt lan mwa jiyè. Nou swete resevwa reyaksyon ak kòmantè nou..

- MEN SA POU NOU SONJE

Rezèv lajan FRH la rive 99.78 milyon dola, ak 32.28 milyon ki rezève pou apui bidjetè (p.2)

- FRH ap ede devlopman sektè prive, sitou Ti Biznis ak Mwayèn Biznis yo (PME) (p.3)
- Pwojè Rebati Katye Defavorize yo nan Pòtoprens bay plis pase 10 000 deplase kay ki t ap viv nan Kan « Pak Jan Mari Vensan » ak « Petyonvil Klèb » (p.5)
- 16/6 la gen yon enpak ekonomik ak sosyal enpòtan sou kominote yo (p.5)
- Finisman Pwojè sou Rediksyon Vilnerabilite Popilasyon ak Enfrastrikti yo nan Depatman Sid (p.5)
- FRH ap kontinye jwe yon wòl enpòtan nan Finansman Rekonstriksyon an (p.4)



Pwojè sou konsèvasyon sòl nan Pòsali, Koutwazi FRH

KISA KI LAN BILTEN SA A

Gouvènans FRH	p.2
Fokis sou bayè yo : Japon	p.2
Fokis sou Apui Sektè Prive a	p.3
FRH nan Finansman Rekonstriksyon an	p.4
Fokis sou Rezilta Pwojè yo	p.5
FRH an chif	p.6
Lafanmi FRH: Bank Mondyal	p. 7



Kèk jèn k ap jwe baskèt anba yon lanp solè, Koutwazi FRH



GOUVÈNANS FRH

Nan premye trimès 2013 la, le Komite Pilotaj FRH la te fè de reyinyon (6 ak 20 fevriye) pou reponn demand Gouvènman an pou finanse sink aktivite epitou demand bayè yo sou rezèv lajan. Yo te mande finanse: 1) reyabilitasyon liy transmisyon elektrik baraj Pelig la rive jouk Pòtoprens; 2) operasyon nouvo Lopital Mibalè a; 3) ibanizasyon zòn kote moun ap viv nan Kanaan- Jerizalèm; 4) konstriksyon yon sant radyo-chimyoterapi; epi 5) kreye djòb.

Men pwèn pi enpòtan ki sòti lan reyinyon Komite Pilotaj la:

- Wose Rezèv lajan FRH la pou yon valè 32.28 milyon dola, sa vin bay yon total 99.78 milyon dola, epi yo rekonèt preferans peyi Lafrans ki swete ogmantasyon lajan sa a al pou apui bidjetè jeneral epi pwojè lan sektè ledikasyon.
- Endosman pwopozisyon Minis Finans la pou yo pran 48 milyon dola ki rezève pou

apui bidjetè a voye l finanse pito pwojè priyorite Gouvènman an prezante bay FRH.

- 7.5 milyon dola nan Rezèv Finansyè a (lan kòmansman ki prevwa pou apui bidjetè) te al finanse pito yon pwojè nan sektè lenèji ak 5 milyon dola an plis yo ta gen pou mete sou Rezèv Finansyè a pou finanse yon pwojè nan sektè lenèji depi yo fin resevwa lajan sa a nan men Etazini.
- FRH pral kòmanse ak preparatif yo pou fè revizyon nan mitan wout sou pèformans li. Revizyon sa a ap fèt yon fason endepandan lan dezyèm mwatye lane a.

Pandan peryòd sila a, Komite Pilotaj te apwouve ekstansyon manda peyi Lespay nan Komite a rive jouk fen 2014, annatandan yo resevwa kontribisyon pa l la pou yon valè 10 milyon dola.



FOKIS SOU BAYÈ YO : JAPON



Yo konsidere Japon kòm sizyèm pi gwo bayè FRH, paske li fè yon kontribisyon 30 milyon dola nan lane 2011. Li te eksprime preferans li pou 15 milyon dola al finanse ledikasyon ak ranfòsman kapasite yo epi lòt 15 milyon dola yo al lan sante ak swen medikal, lamanjay ak lagrikilti, epitou ranmase dekonb. Rive jounen jodi a, Komite Pilotaj FRH la te dekese 15 milyon dola pou pwojè nan ledikasyon, 42 milyon dola pou jesyon dekonb epi 2 milyon dola pou yon pwojè nan lagrikilti.

An gwo, peyi Japon se onzyèm pi gwo donatè pou rebati peyi D Ayiti. Si nou ajoute relèvman imanità a, Japon te pwomèt, angaje epi dekese prèske 145 milyon dola pou rekonstriksyon an lan mwa desanm 2012 (ladan kontribisyon li fè bay FRH).

Japon te bay yon èd bilateral nan kat sektè : 1) sante ak liyèn (reyabilitasyon Lopital Jakmèl la lan Depatman Sidès, byen materyèl pou ijans pou konbat kolera, rekonstriksyon lopial ak klinik yo sou teren an); 2) ledikasyon ak devlopman kapasite yo (rebati lekòl primè, fòmasyon); 3) lamanjay ak lagrikilti (kore lamanjay la, ede plantè yo ki pa gen mwayen, fòmasyon); epitou 4) lòt apui pou rekonstriksyon an (wout ak drenaj lan Leyogan, apui nan zafè eleksyon, sekirite fwontyè yo, pataj konsesans, don ekipman lou pou konstriksyon an). Met sou sa, yon total 2200 anplwaye nan pèsonel Oto-Defans japonè a te deplwaye ansanm ak Inite Enjenyeri lan MINISTA pou ede nan ranmase dekonb yo, repare wout epitou mete teren yo a nivo.

Fon pou Rebati Ayiti a (FRH) finance pwojè k ap ede sektè prive a, sitou PME yo ki se -yo kononèt sa- yon sous kwasans ekonomik dirab epi k ap mete travay nan peyi D Ayiti. Men yo se : (i) Fon Garanti pou Kredi Pasyèl la pou yon valè 12.5 milyon dola, yo te fè tounen twa pwojè pi piti pou ede sektè prive a. Pwojè sila yo se Pwogram Pilòt pou kore ti Biznis yo, Fon Pilòt pou fasilite kredi-lwaye (lizing) epi Apui bay ti prodiktè agrikòl yo ak Ministè Lagrikilti (MARNDR) epitou (ii) Pwojè pou kore pwodiksyon ak transfòmasyon lèt lan peyi D Ayiti pou yon valè de 2 milyon dola.

I. Fon Garanti pou Kredi Pasyèl (FGCP) –12.5 milyon dola
FGCP gen pou objektif bay kontribisyon lan reyabilitasyon sektè pwodiksyon Ayisyen ki te sibi gwo domaj apre pasaj tranblemandtè a (domaj pèsònèl ak byen), sitou ti biznis ak mwayèn biznis yo (PME). FGCP te pèmèt biznis sa yo regle dèt yo te genyen san yo pat kapab peye bank yo apre tranblemandtè a, pran devan pou evite biznis djanm yo fèmen nan fasilite yo pou yo jwenn finansman pou rebati epi fonksyonman yo. FGCP jwenn kofinansman nan men Bank Mondyal, BID ak FRH. **Sou direksyon FGCP a, yo te emèt garanti pou 3, 333,289 dola ki gen ladan uit biznis mwayèn ak 245 ti biznis dekwa pou garanti 10.6 milyon dola prete (lajan prete sa yo te konsantre lan Unibank, Capital Bank ak Sogebank).**

« San kredi sa a, biznis sa yo t ap fèmen pòt yo epi bank sa yo t ap sibi pèt, men gras ak Fon garanti a biznis sa yo rive reprann aktivite yo epi remèt lajan yo te prete yo.(...) Nou rive sove anpil djòb nan biznis sa yo (...) Se biznis k ap bay sèvis, nan agwoendistri, nan komès. Lè nou gade enpak finansye sa fè, nou kontan paske pa gen ka fayit sof lan mikwo biznis ki te deja lan move pas avan menm lajan yo t ap prete a. Pousantaj pèt yo pi piti pase to komisyon y ap pran pou garanti a. Nou genyen mwens pase 1% pèt. » dapre deklarasyon Mesye Lhermite François, Direktè Jeneral FDI.

Malgre jefò Fon Devlopman Endistriyèl la (FDI)¹ fè pou jwenn lòt nouvo operasyon, lan dat 31 desanm 2011, yo pat emèt okenn lòt garanti paske pa gen ase demand pou sa depi yo te rive estabilize sitiyouon dijans la. Yo te fè yon evalyasyon enfòmèl nan mwa fevriye 2012 pou gade pi pre ki posiblite ki genyen pou etann operasyon garanti a. FDI ak BID te fin pa wè pa gen nesite ankò pou garanti a. Konsa sou lademand Gouvènman Ayisyen, BID te rebalanse yon pati resous ki pat dekese yo (5 milyon dola sou yon total 12.5 milyon dola) pou adrese bezwen lajan ak lòt ankò ti biznis ak asosyasyon agrikòl yo. Yo te rebalanse yon pati nan FGCP a pou soumèt li ala konsiderasyon Komite Pilotaj FRH la lan dat 22 novanm 2012.

Rebalansman pasyèl sa a se : 1) ekstansyon Pwogram Pilòt dapui pou ti Biznis yo ak 2) yon fon pilòt pou fasilite lokasyon ekipman. Rès lajan ki pa dekese an (7.5 milyon dola) y ap met l lan Pwogram dapui pou Asosyasyon Agrikòl yo, k ap pral chèche apwobasyon Komite Pilotaj FRH la ak Direktwa BID sòti koulye a rive lan mitan lane 2013.

Apui pou Ti Biznis

Apui pou Ti Biznis la gen ladan yon mekanis mete vitès nan biznis yo sa vle di apui teknik, apui lan jesyon ak jere lajan ki pral jwenn mikwo, ti ak mwayèn biznis yo (MPME), sitou nan chèn valè agwobiznis, touris ak endistri. Pase lan mekanis mete vitès nan biznis yo, pwojè a pral finance preparasyon ak finansman plan biznis pou MPME yo chwazi yo, yon apui teknik ak yon fon « kapital pou demare ». Aktivite sa a pral fèt anba sipèvizyon Sant pou Devlopman Biznis ak Biznisman (CDEE) lan Ministè Komès ak Lendistri. Pwogram sa a kreye nan lide pou MPME yo jwenn bonjan posiblite pou rezoud pwoblèm ak anpechman nan mache pou devlopman kapasite yo, transfè teknolojik ak kreyasyon konsesans. Yo prevwa mobilize pwogram pilòt la sòti koulye a rive avril 2013.

Fon pou fasilite kredi-lwaye (lizing)

Fon pilòt pou aktivite lizing yo pral kore travay Bank Santral, MEF ak Sosyete Finansyèl Entènasyonal (SFI) ap fè koulye a pou devlope yon mekanis lizing an Ayiti. Lizing nan se yon zouti finansyèl enpòtan pou ti biznis ak mwayèn biznis k ap pèmèt yo sèvi anpil fwa nan yon tan ki long ak yon ekipman oswa yon byen san yo pa oblije achte l. Pou sa fèt, y ap fè peman an chak fwa bay yon ajan lokasyon sou tan kontra a ap dire. Lizing nan se yon mwayèn altènatif tou nèf PME yo gen lan men yo pou jwenn finansman, amelyore pwodiktivite, rantre lajan epi mete plis travay lan sektè pa yo. Konpozant sila a ap prete lajan /kapital pou demare rive jouk 1 milyon dola (sa gen valè 25% aktif la) pou kreyasyon konpayi lizing. Se 2 milyon dola ki bay pou aktivite sa a. Rès la (250,000 dola) pral sèvi pou ed teknik pou mache a (sitou sila yo ki vle kreye pwòp konpayi pa yo).

II. Devlopman Pwodiksyon ak Transfòmasyon lèt nan petyi D Ayiti

Dezyèm pwojè FRH ap finance lan benefis sektè prive a se pwojè “ Devlopman Pwodiksyon ak Transfòmasyon lèt nan peyi D Ayiti ” pou yon valè 2 milyon dola. Se Ministè Lagrikilti k ap egzekite pwojè a anba sipèvizyon FAO, nan objektif pou ti fèm yo jwenn pi bon kondisyon travay epi devlope pwodiksyon endistri lèt nan peyi D Ayiti. Men objektif yo : (1) gen priz sou mache entèn pwodiksyon lèt la epi kore rezo biznis ki lan transfòmasyon lèt, nan bay yon lòt posiblite lavant, ki solid e ki pote bonjan benefis pou pwodiktè lèt yo; (2) wose nivo pwodiksyon lèt la; (3) ede sektè gadinaj la nan kore òganizasyon elvè bèf yo ak pwodiktè lèt yo epitou ankouraje divès aktè ki nan endistri lèt la fè alyans antre yo sou pwodiksyon ak komès; epi, (4) ankouraje lekòl ayisyen yo achte lèt ak pwodui letye ki fèt lan peyi a.

¹ FDI se yon entèmedyè finansye epitou yon inite pou reyalize pwojè nan Bank Santral peyi D Ayiti. Direktè FDI a se Direktwa Bank Santral la ki nonmen l e li gen pou l bay la rapò. FDI se ajans ki met FGCP a sou pye.

Rezilta rive jounen jodi a:

Ogmantasyon pwodiksyon ak pwodikтивité nan lètri yo

- Konstriksyon twa lètri k ap fèt koulye a nan twa komin (Tòbèk, Tomazo ak Kòtdefè). Se SOCAP SA ak Rotho's Konstriksyon, de biznis lokal k ap reyalize yo. Apre rezilta analiz sosyo-ekonomik nan twa komin yo, yo te anplwaye yon ONG (VETERIMED) pou ankadre pwodikтивé yo nan chèche òganize epi legalize tèt yo an asosyasyon pwodikтивé lèt. Akonpayman sa a gen ladan tou yon fòmasyon VETERIMED a fè pou apeprè 450 fèmme ak pwodikтивé pandan kat mwa.
- Depatman Pwojè Endistri Lèt Ministè Lagrikilti te òganize se yon atelye lan date 29 novanm 2012 nan lide pou braselide sou divès tèm fòmasyon pou endistri lèt la epitou pou pwopoze mwayen estraterjik pou fè fòmasyon yo.

Alemye lan komèsyalizasyon an

- Preparasyon pou jwenn materyèl ak ekipman pou enstale lan letri yo. Materyo ak ekipman sa yo pral ede fè lòt kalite pwodui nan transfòmasyon lèt la tankou : lèt pasterize, bè, krèm, fwomaj ak yawout. Y ap met anpil aksan sou komèsyalizasyon pwodui sila yo.

Ranfòsman kapasite nasyonal yo

- Y ap òganize fòmasyon pou ede òganizasyon pwodikтивé yo nan zòn siblé yo, sou tèm tankou ranfòsman òganizasyon an, sante animal, nitrisyon zannimo yo, kijan pou fè bonjan gadinaj ak repwodiksyon.

Aktivite k ap fèt pi douvan:

- Akonpayman san rete pou asosyasyon pwodikтивé lèt yo ;
- Finalize konstriksyon twa letri yo;
- Fòmasyon pou fòmasyon pou tout aktè ki nan chèn pwodikтивé lèt la « sòti lan tè rive lan asyèt la » ;
- Distribisyon frijidè pou komèsyalizasyon pwodui letye yo;
- Lansman apèl dòf pou jwenn ekipman pou letri yo.



FRH LAN FINANSMAN POU REKONSTRIKSYON AN

FRH reprezante yon sous enpòtan finansman estraterjik pou rekonstriksyon pou gouvènman peyi D Ayiti. Rive jounen jodi a, FRH te mobilize 396 milyon dola nan men 19 bayè, distribye 274 milyon dola pou 17 aktivite epi dekese 131 milyon dola ki pase lan men patnè li yo. Dapre enfòmasyon ki sòti lan Biwo Anwaye Espesyal Loni a (OSE), nan 5,33 milya dola ki te pwomèt pou pwogram sòti 2010 rive 2012 lan Konferans Nyowòk la, 53,2 pou san (2.83 milya dola) te rive dekese lan mwa desanm 2012. **Finansman ki te vin disponib an pasan lan men FRH la reprezante 14 pou san finansman total donatè bilateral ak multilateral yo te bay pou rekonstriksyon annapre tranblemandtè a** (sou baz pwomès ki te fèt lan Konferans Nyowòk la).

Lan mwa janvyè 2013, yo te ranplase OSE a, se Biwo Konseye Espesyal lan Medsin Kominotè & Leson yo te aprann sou Ayiti ki chita lan Sekretarya Jeneral la (www.lessonsfromhaiti.org). Konsa, vin gen yon nouvo referans pou fè suivi èd ekstèn nan ki rele Modil pou Jesyon Èd Ekstèn nan Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn (MGAE) (<https://haiti.ampsite.net/showDesktop.do>). Finansman FRH la estraterjik poutèt li soutni Plan Daksyon Gouvènman Ayisyen an pou Rekonstriksyon ak

Devlòpman Nasyonal epi li mache lan menm lojik ak yo, men tou pase se Gouvènman Ayisyen an k ap kondui machin nan. Paske li ala tèt Komite pilotaj FRH la epitou li se manm ki vote nan Komite Pilotaj la, se Gouvènman ayisyen an ki gen prewogativ pou l fikse priyorite l pou rekonstriksyon an epi deklare ki sèvis y ap fè ak fon yo. Konsa tou FRH se yon sous enpòtan dapui bidjetè pou Gouvènman Ayisyen an. Premye finansman FRH te bay se te 25 milyon dola kofinansman pou yon operasyon Bank Mondyal pou yon valè 30 milyon dola nan Apui Bidjetè pou konble defisit bidjè pou egzèsis fiskal 2009-2010 la ansanm ak yon lòt montan ankò 99.78 milyon dola Komite Pilotaj FRH la te rezève pou finansman yon operasyon dapui bidjetè ki te lan kouti. Valè total pòtfèy FRH se 551 milyon dola, sa vle di yon lòt 277 milyon dola ki vin ajoute, te mobilize pou kofinansman.

Rekonstriksyon ak devlòpman se rezilta yon jefò k ap fèt sou yon tan ki long e FRH ap ret an plas omwen jouk 2017. FRH se yon mekanis enpòtan pou sèvis kominote entènasyonal la pou kontinye finansman ansanm priyorite yo nan rekonstriksyon ak devlòpman.

Sou 17 pwojè rekonstriksyon ki jwenn finansman nan men FRH, gen kat ki fini, de ki prèt pou fini, twa an faz restriktirasyon epi uit y ap reyalize. Pou jwenn pi plis enfòmasyon sou pwojè ki lan faz restriktirasyon yo, tanpri ale gade lan bilten no5/ Ivè 2012 la ki disponib sou sit entènèt lan pati sou dokiman yo.

Pwojè Rekonstriksyon Katye Defavorize nan Pòtoprens (PREKAD)

Pak Jan Mari Vensan:

- Nan pami 9.000 fanmi yo te sible yo (apeprè 45.000 moun) gen 1897 fanmi yo te lwe kay pou yo (apeprè 9485 moun osnon 21%)
- Moun yo te tounen nan divès katye, pa sèlman lan Pòtoprens.



Evolisyon lan Kan Jan-Mari Vensan, 31 Mas, 2013, Koutwazi OIM

Kan Petyonvil Klèb:

- Nan pami apeprè 2.800 fanmi yo te sible (apeprè 14.000 moun) gen 173 fanmi yo te lwe kay pou yo (apeprè 865 moun osnon 6%).

16 katye/6 kan

Enpak ekonomik ak sosyal

Pwojè reparasyon kay jòn yo te pèmèt :

- Kreye plis pase 9500 jounen travay peye ladan 75% al jwenn moun ki lan katye yo pwojè a te sible ladan 40% pou fanm ;
- Anplwaye 6 konpayi konstriksyon lokal ;
- Ofri 1304 fanmi solisyon reparasyon pou kay yo.

Enfrastrikti kominotè

- **Katye Nerèt** : 1.1km wout konstwi nan katye Nerèt k ap pèmèt 1002 fanmi benefisye retonbe ekonomik ak sosyal wout sa a ap pote. Sekirite pyeton yo, sitou elèv lekòl yo, te jwenn yon alemye gras ak konstriksyon ansanm ak reyamenajman 2.2km twotwa.
- **Lanp**: 308 lanp solè te enstale nan 8 katye nan 16/6 la sa ki ede jwenn yon alemye lan kondisyon sekirite nan katye yo sible yo.
- **Dlo potab**: 2 konpayi ayisyen ap egzekite travay konstriksyon ak reyabilitasyon 11 bòn fontèn nan 3 katye nan 16/6 la.



Lavi aswa ap tounen nan Nerèt,grasa nouvo lanp solè sa a, Koutwazi FRH

Ranmasaj ak resiklaj Dekonb yo :

Yo lanse Ateye resiklaj Biwo Entènasyonnal Travay (BIT) nan sit Gran Seminè Wo Tijo. Se Archi-Technie k ap jere, l ap fè adoken ak lòt materye dapre sa mache a mande. Li sèvi tankou yon sant fòmasyon teknik epitou pou òganize mikwo-biznis ki ta enterese rantre lan fè adoken, Men kèk rezilta nan premye trimès 2013 la :

- 113 travayè te fòme nan teknik pou fè resiklaj ak konstriksyon ladan 35 lan jesyon biznis ;
- 9 biznis lokal te jwenn yon bourad ;
- 4,800 m3 te demoli ;
- 250 m2 koridò te reyabilite ;
- 23,819 adoken te fabrike.

Pwojè sou Rediksyon Vilnerablite Popilasyon ak Enfrastrikti yo nan Depatman Sid (Pwojè Konplete)

- 3600 djòb te kreye chak mwa nan zòn pwojè yo;
- 730 mètr lineyè kannal te drene;
- 1300 ekta tè rebwaze ak divès espès pye bwa;
- 1320 mètr lineyè bò dlo a ki pwoteje ak gabyon lan lide pou bese risk ak dezaz nan kominote lan zòn nan ;
- Yo te konstwi 13,949 ml ravin ak dig pou kenbe dlo a ;
- 30,550 mètr kannal irigasyon ak drenaj te netwaye ;
- Yo te distribye 144,000 dragon vitro plan bannann bay plantè yo dekwa gen yon alemye lan lamanjay la.

Prevansyon risk sismik nan Gran Nò

- Yon komite pou konsè « risk sismik » ap fonksyone nan chak gran vil nan tout departman yo ki lan gran nò a. Li gen ladan pwofesyonèl ayisyen ki reprezante gouvènman lokal la, sektè konstriksyon an, ekip k ap pote konkou lè gen dezaz, elatriye ;
- Yo òganize Okap ak Fò Libète kèk atelye pou tounen enfòmasyon bay plis pase 140 patisipan sou katografi jeolojik Okap, Pòdpe ak Wanament.




FRH AN CHIF

Lan dat 31 mas 2013, **19 bayè te pran angajman devan FRH la epi siyen akò pou yon total \$396 milyon dola**, ladan \$381 milyon dola te transfere bay Fidisyè a. Total fon **Fidisyè a kenbe lan men se 119.54 milyon dola**, ladan 99.78 milyon dola an rezèv finansyè, 15 milyon dola yo pou desizyon finansman k ap tann transfè epi 4.76 milyon dola resous ki panko jwenn afektasyon. Y ap tan toujou 15 milyon dola pou kontribisyon nan men Lespay (10 milyon dola) ak Etazini (5 milyon dola). Si yo retire rezèv finansyè a ak 15 milyon k ap tann yo, se 4.76 milyon dola Komite Pilotaj FRH la gen lan men l pou finansman pwojè yo.

Nan kouran dènye trimès la, Komite Pilotaj la te genyen de reyinyon epi li apwouve :

- (1) Ogmantasyon Rezèv Finansyè FRH la pou 32.28 milyon dola sa ki vin bay yon total 99.78 milyon dola epi preferans Lafrans genyen pou nouvo fon sa yo rezève pou apui bidjetè jeneral ak pwojè nan sektè ledikasyon ;
- (2) Pwopozisyon Minis Finans lan pou 48 milyon dola Rezèv pou apui bidjetè a sèvi pito pou finance pwojè priyoritè yo Gouvènman an pwopoze FRH la; epi tou
- (3) Sèvi ak 7.5 milyon dola Rezèv Finansyè (lan kòmansman ki te prevwa pou apui bidjetè sible) pou yon pwojè nan sektè enèjetik la. Yo pral mete 5 milyon dola an plis Rezèv Finansyè a pou finance yon pwojè nan sektè enèjetik la lè kontribisyon Etazini an rive.

Kijan yo itilize fon FRH yo?




Sou 17 pwojè yo te apwouve pou koulye a, kat lan yo te jwenn dekesman tout lajan an, dis ap egzekite, de lan faz mobilizasyon apre restriktirasyon, youn ap tann transfè lajan bay Antite Patnè a. Y ap prepare yon nòt konseptyèl sou operasyon dapui bidjetè a pou soumèt li bay MPCE.

Dekesman total lan pwojè yo se 131.36 milyon dola, sa ki reprezante 47 pou san nan fon total ki te apwouve yo pou pwojè yo. Dekesman Antite Patnè yo te fè onivo pwojè yo te monte 8,7 milyon dola (6%) pandan twa dènye mwa sa yo.

Komite Pilotaj FRH la, sou lademand CIRH te bay \$274 milyon dola oswa 71 pou san nan fon ki angaje pou 17 pwojè rekonstriksyon, ladan gen frè pou Antite Patnè yo.

Sou 278 milyon dola nan fon ki al jwenn pwojè yo, **95% oswa 263 milyon dola te deja transfere bay Antite Patnè yo chak apa.** Nasyonzini se Antite Patnè pou 10 pwojè sou 17 pwojè yo te apwouve yo, sa ki reprezante 47 pou san nan fon total ki al jwenn pwojè yo. Bank Mondyal sipèvize twa pwojè epi Bank Entèamerikèn pou Devlopman kat pwojè, sa ki reprezentan pou yo chak apa 38 ak 15 pou san nan fon yo te apwouve pou pwojè yo. **Pi fò fon FRH yo, apeprè 67 pou san nan total alokasyon pou pwojè yo te egzekite an pasan pa ajans nasyonal oubyen lokal gouvènman an,** epi rès fon yo se ONG lokal ak entènasyonal yo, ajans LONI ak lòt antite yo ki te fè mizannè yo.



Bank Entènasyonan pou Rekonstriksyon ak Devlopman (BIRD) epi Asosyasyon Entènasyonan pou Devlopman (AID) se de nan pami sink òganizasyon nan gwoup Bank Mondyal la. BIRD prete peyi ki gen ti mwayen ak peyi ki preske pa genyen men k ap remèt kòb la. Alòske AID prete gouvènman peyi ki pi pòv yo san enterè epi bay yo sibvansyon. Tout finansman Bank Mondyal yo nan peyi D Ayiti fèt tankou sibvansyon.

Estrateji Enterimè 2013-2014 BM la ap chèche ede Gouvènman Ayisyen an bese vilnerabilite epi gen plis rezistans, nan fè yon rekonstriksyon dirab, konstwi yon kapital moun epitou fè pwomosyon yon kwasans pou tout moun menmjan tou ranfòse gouvènans la ak kapasite enstitisyonèl.

Ayiti te resevwa yon alokasyon eksepsyonèl 500 milyon dola lan men AID pou peryòd 2011-2014. Nan lajan sa a, 295 milyon dola te angaje an 2011-2012 epi 155 milyon dola pou koulye an preparasyon. 50 milyon dola ki rete yo gen pou yo angaje sòti koulye a rive lan fin 2013.

Pòtfèy BM nan peyi D Ayiti gen ladan 15 pwojè pou 636 milyon dola, ladan 244 milyon dola ki te deseke. Pi gwo sektè yo se jesyon risk dezaz (208 milyon dola), kay (111 milyon dola), agrikilti (106 milyon dola) ak kouran (101 milyon dola). Met sou sa, BM ap jere 38 Fon Fidsyè lòt bò dlo ap finanse pou yon total de 39 milyon ladan 17 milyon te deseke.

BM a egzekite premye pwojè FRH la, yon operasyon dapui bidjetè pou 25 milyon dola k ap fini ak bonjan rezilta lan mwa septanm 2011. Pou koulye a l ap egzekite pwojè Rebat Kay ak Katye yo pou yon valè 65 milyon dola.

Biwo BM an Ayiti gen yon pèsònèl 33 moun, ladan pèsònèl Sosyete Finansyè Entènasyonan ak Sekretarya FRH la. Biwo lan Wachington nan gen yon staf 4 moun an plis espesyalis sektoryèl ki chita lan Wachington.



Alexandre Abrantes, Anvoye Espesyal. Sitwayen peyi Pòtigal, li te travay lan Inivèsite Lisbòn ak Ministè Sante Pòtigè avan li vin rantr lan Bank lan nan lane 1992. Li pran yon Doktora lan Sante Piblik nan Inivèsite Kawolin di Sid.



Michelle Keane, Ofisye Peyi Prensipal. Sitwayen Neyèlandèz /Amerikèn, li te jere pwogram refijye nan peyi Bosni, Irak ak Mali epi te travay lan IE avan li vin rantr lan Bank lan nan lane 1997. Li pran yon Metriz lan A nan Politik Piblik nan Kolèj Ewopeyen, Bèljik.



Deo Ndikumana, Administratè. Sitwayen peyi Bouwoundi, li te travay lan Inivèsite Monreyal epi tankou konsiltan avan li vin rantr lan Bank lan nan lane 1992. Li pran yon Metriz lan Syans Devlopman Ekonomik nan men HEC-Monreyal.



Kanae Watanabe, Ofisye Peyi. Sitwayen Japonèz, li te travay pou Sena Ameriken epi USIP avan li vin rantr lan Bank lan nan lane 2011. Li pran yon Doktora lan Dwa Entènasyonan ak Jesyon Konfli nan men Inivèsite Johns Hopkins.



Sarah Mondière, Asistan Egzekitiv. Sitwayen Ayisyen, li te travay lan IE, ISAID ak AFD avan li vin rantr lan Bank lan nan lane 2010. Li pran yon Lisans lan Dwa nan men Inivèsite d'Eta D Ayiti.



Salimatou Drame-Bah, Asistan. Sitwayen peyi Ginen, li te travay nan le sektè lasante avan li vin rantr lan Bank lan nan lane 1997. Li te etidye lamedsin sosyal nan Lise Bristòl, Lafrans.

MEN KÈK ENFÒMASYON SOU FRH

FRH se yon patenarya ant kominote entènasyonal la ak Gouvènman aysyen an pou finanse rekonstriksyon an apre tranblemandtè a.

FRH mobilize, kodone epi bay kontribisyon bayè bilateral ak lòt pou finanse pwojè ak pwogram ki priyoritè anpil anpil, ansanm ak apui bidjetè. Men ki avantaj apwòch multi-bayè sa a pote :

- Vin gen pi plis amonizasyon lan met ansanm resous plizyè bayè pou ede priyorite Gouvènman peyi D'Ayiti an genyen pou rekonstriksyon an;
- Met aksan sou avantaj konparatif patnè lokal ak entènasyonal tout moun konnen nan aktivite yo ap mennen sou teren an;
- Bese depans tranzaksyon pou Gouvènman an ak bayè yo pase y ap travay ak yon sèl estrikti finansman;
- Evite aksyon k ap fè menm bagay la ak jefò yo mete pou fè yo ;
- Ede jwenn repons pou satisfè bezwen finansman estratejik nan pwosesis rekonstriksyon an jan Gouvènman peyi D Ayiti defini sa.

FRH se yon gwo sous finansman non pwograme pou rekonstriksyon an.

Lan dat 31 mas 2013, diznèf bayè te pran angajman pou bay Fon an 396 milyon dola ameriken. Lajan sa a pat pwograme e yo kapab sèvi avè l lan yon sans oubyen yon lòt pou reponn a bezwen estratejik pou rekonstriksyon an gouvènman an genyen. 14% nan tout fon ki dekese pou rebati Ayiti pase nan men FRH.

Se Gouvènman peyi D'Ayiti ki ala tèt FRH e se li fikse priyorite pou li.

Se Minis Finans lan ki prezide Komite Pilotaj FRH la. Tout aktivite rekonstriksyon yo FRH ap finanse dwe prezante douvan antite Gouvènman Aysiyen an chwazi kòm Fasafas FRH la, e yo dwe jwenn apwobasyon l.

Se FRH ki ofri pi gwo finansman pou sektè priyoritè nan rebati Ayiti tankou kay, leve dekonb epi jesyon risk dezay yo.

FRH se yon mekanism efikaz san anpil lajan ki la pou finansman rekonstriksyon an.

Se sèlman 3% mwayen ki anganje yo ki sèvi pou kouvri depans administratif Sekretarya FRH la, Fidisyè a ak Antite Patnè yo. FRH kapab bay apwobasyon rapid pou finanse ti pwojè yo rive jouk 1 milyon dola ameriken nan yon semèn ak valè lajan ki pi wo nan de semèn apre li fin resevwa demand Fasafas Gouvènman an nan FRH.

FRH se yon patnè ki la pou yon tan ki long pou rebati Ayiti.

FRH ap kontinye ede pwosesis la pou rebati Ayiti rive jouk mwa desanm 2017.

SEKRETARYA FRH

Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn

387, wout Bourdon, Pòtoprens, Ayiti

Tel : (509) 3798-0817

www.haitireconstructionfund.org

Pou kòmantè nou sou pwojè FRH finanse yo, vowe gratis yon mesaj tèks lan 3747

